



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL VOYE SOLDA GAD NASYONAL, ELIKOPTÈ AK JENERATRIS
POU EDE AK REKIPERASYON ANBA SIKLÒN HELENE**

***Gad Nasyonal Lame New York la ap deplwaye 17 Sòlda ak twa elikoptè transpò
lou CH-47F Chinook nan Kawolin Disid pou sipòte Gad Nasyonal Kawolin Dinò a***

***Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Depatman Transpò a ak Otorite
Thruway la ap travay ansanm pou bay jeneratris nan Georgia***

Ekipman swiv deplwaman ekip sovtaaj nan dlo vif nan mèkredi

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te voye 17 sòlda nan Gad Nasyonal Lame a, twa elikoptè transpò lou ak kat jeneratris 100 KW pou sipòte efò rekiperasyon yo apre siklòn Helene. Tanpèt la te lakòz gwo domaj epi li te kite plizyè milyon moun san kouran nan plizyè pati nan sid la tankou Florid, Georgia ak Kawolin Disid (South Carolina). 17 sòlda yo ak twa elikoptè transpò lou CH-47F Chinook yo pral bay asistans ayeryen jeneral pou deplase moun ak kago pou sipòte Gad Nasyonal Kawolin Dinò a. Jeneratris yo, ki fè pati estòk NYS yo, ap transpòte nan Macon, Georgia sou kamyon Depatman Transpò ak Otorite Thruway la te founi epi yo prevwa y ap rive nan Georgia lendi.

"New York kanpe bò kote vwazen nou yo nan sid la pandan n ap reponn ak enpak devastatè Siklòn Helene lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè de sòlda devwe nou yo ki pral bay resous enpòtan, tankou elikoptè ak jeneratris, pou ede nan efò rekiperasyon yo. Nan moman kriz, nou reyini ansanm antanke yon kominote, ki enkòpore lespri solidarite ak rezistans. Nou la pou sipòte tout moun ki afekte yo, pou asire ke pèsonn pa fè fas ak defi sa a pou kont li."

Sòlda yo ak avyon yo baze nan Etablisman Sipò Aviyasyon Lame #2 nan Rochester. Elikoptè yo plase nan Detachman 1, B Konpayi 3èm Batayon 126èm Batayon Aviyasyon Sipò Jeneral la. Yo sipoze rete sou tèren an pandan sèt a dis jou.

An oktòb 2018, menm inite a te deplwaye de CH-47 ak 11 pèsònèl nan Florid apre Siklòn Michael.

Yo te deplwaye ekipman nan kad Kontra Asistans pou Jesyon Ijans (Emergency Management Assistance Compact, EMAC), sistèm èd mityèl nasyonal pou tout danje nan peyi a. EMAC te ratifye pa Kongrè Ameriken an (PL 104-321) epi li se lalwa nan tout 50 eta, Distri Columbia, Pòtoriko, Guam, Zile Vyèj Ameriken yo ak Zile Northern Mariana. Manm EMAC yo ka pataje resous ki soti nan tout disiplin yo, pwoteje pèsònèl ki deplwaye epi yo ka ranbouse yo pou depans ki gen rapò ak misyon yo.

Mèkredi, Gouvènè a te deplwaye yon ekip 16 pèsònèl sekou nan dlo viv, de kanin ak ekipman repons pou ijans nan Kawolin Dinò. Aktyèlman ekip sa a deziyen pou ede Biwo Jesyon Ijans Konte Yancy a.

Majò Jeneral Ray Shields te deklare, "Sou direksyon Gouvènè Hochul, gason ak fanm nan Brigad Avyasyon Konba 42èm Divizyon Enfantri a te reponn byen vit, nan mwens pase 24 èdtan, lè Gad Nasyonal Kawolin Dinò te mande asistans pou sekou kont tanpèt la. Sòlda nou yo te reponn lè yo te voye twa elikoptè transpò lou CH-47 ak manm ekipaj yo ak ekip antretyen yo. Nou toujou pare nou toujou la, kit se nan yon zòn konba, isit la lakay nou nan New York, oswa nan yon lòt eta. Mwen trè fyè de manm sèvis nou yo ki pa janm manke reponn lè yo rele."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann kantite resous akablan li pran pou rekipere apre yon katastwòf nan anplè sa a. Pataje ekipman ak pèsònèl nou yo pou ede retabli elektrisite, bay ekspètiz ak bay asistans ki nesèsè anpil pral bay sipò pou ede kominote ki afekte yo rekipere apre tanpèt devastatè sa a."

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Sa gen dezan, yon kantite eta te vin ede New York apre yon tanpèt nèj istorik nan Buffalo, e jodi a Gouvènè Hochul ap rann bonte sa yo bay sitwayen Eta Georgia yo. Siklòn Helene te frape Eta (fwi) Pèch la ak yon entansite devastatè, ki afekte tout kwen epi ki te kite plizyè santèn milye rezidan Georgia san kouran. Ekip DOT Eta New York nou yo pral livre jeneratris bay moun ki nan bezwen yo epi nou pare pou ede pandan tout eta yo nan sid la ap soti anba evènman move tan katastwofik sa a."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Devastasyon nan sidès la ensondab epi Otorite Thruway la pare pou reponn ansanm ak patnè nou yo nan Eta New York pou ede nan nenpòt fason nou kapab. Jeneratris ekip nou yo pral delivre yo pral ede vwazen nou yo ki nan sid la kòmanse wout rekiperasyon an epi pote yon sans de nòmàl."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)